- Тэмэщщ, - деІыгъ Авдеевым.

- Плъагъуэрэ, зэнтхъ къэщэхун, гъатхэм дытехьэмэ шырыкъу диІэн хуейщ, ахьшэ дыхуейщ, дауэ ар къищтэнкІэ хъуа? - жиІам яхутекІыркъым ротнэр, ахьшэ гъэтІылъыгъэм зэрыхэІбэмкІэ мыарэзыр.

- Дапщэрэ жьысІэну, ротэм унафэ зэрищІщ, - къытрегъэзэж жиІам Панов. - И щыпэхэІэбзкъым. Къыхихамэ, хитлъхьэжынщ.

А зэманым Кавказым щыІэ дэтхэнэ ротэмм мыылкуу иІэр сэлэтхэм хаха щыху щхьэхУ гъэрым зэриГъакІуэрэ. КІэзонэм щІыхь къэс хуэзэу сомихрэ сом ныкъуэрэ къаритыркти, езыхэм я шхынкІэ зыкъыІэзгъэпэщыжьырт, кІэртІоф хасэрт, мэкъу еуэрт, шыгу зэщІэщІахэр яІэт, яежу пшэр ящІ дэгъуэхэмкІэ зэпеуэхэрт. Ахъшэр пхъуантэм дэпъу яхъумэрт, Іункіыбзэ1ухыр ротэхэм я командирхэм яІыгъти, абыхэм ахъшэ щІыхуэ къыщыхах къэхурт.

Апхуэдэут Іуэхур зэрыщытыр.

Арат сэлэтхэм зи гугъу ящІри. Никитин жьыхуаІэ сэлэт кІэщхьыщэм ротнэм епсэлъэн хуейуэ кьигъэзывырт. Пановымрэ Авдеевымрэ апхуэдэу щІын хуейуэ ябжьыртэкъым.

Пановым нужьКІэ Никитиныр тутын ефэу тІысащ шынелыр щІэдзарэ жьыгым кІэрыгъэщІаэ. Сэлэтхэр щым хъуатн, жьытІщхьэ пэнцІыбхэр жьым зэрыщІигъэхьаем фІэкІа зэхэпхырэжьым. Жьыг щхьэкІэхэм я щхьыщхь кІэ зимыІэр щІахъумэу языныкъуэкІэ хьэІуцыдзхэм я пщІэу макъыр къэІурт.

- Пльагъуркъэ, щІапІэкІуэдыр къызыхуэкІуэнхэм зэрызащІ, - гъуэгуІымащ Никитиныр.

- Ахэр мы нэкІуеЙм къыщыдыхьэшхыу аращ, - хохол макъ псыгъуэкІэ псалъэмакъым къыхьхащ епІанэр.

Аргуэрыжьуэ зэщІэщымахэщ, зэ зы пльныкъуэмкІэ, зэ адрейм-кІэ жьыг щхьэкІэхэр ирищэкІыу вагъуэхэркъыхэзэІуэжьжьыбгъэм и закъуэт зи Іущащэ зыгъэІуэ.

- Уа, Антоныч, - нэжэгуэгагъэр сытым дежи зи Іэпэгъу зэпыт Авдеевыр йоупщІ Пановым, - Уцыхэзэщ къэхъурэ?

- Сыт зэщі?

- Сэ языныкъуэкІэ апхуэдизэ зэщІыр къыстоуэри, сщІэнур сымыщІэу сыкъонэ.

- Епльыт абы жиІэм! - игъэщІэгъуащ Пановым.

- Си къуэщхэ, сэ зы пщІыхьэ пІэ сльэгъуащи... сэ зы пщІыхьэпІэ сльэгъуащи!

Авдеевым Бондаренкэ и псалъэр пригъэчри, сэлэтхэр зэпхьдэІыкІыу я пІэм ижьыхащ. Шырыкъу хьэпІэ мыхъуу, ныІтэгъэн щабэ зыгъпытІ гуэр хуэмурэ гъунэгъу кІахуэхъурт. КІуэ пэтми нэхъ ІупщІу зэхэпхырт тхьэмпэ гъуахэр зэхэзыгъэщащэ лъэ макъыр. ИтІанэ къэІуащ зыхэбгъэгъэщэн щымыІэ шэшэн псэлъэкІэр - Іуэм къиІукІ макъ щабэхэр. Сэлэтхэм иджы псалъэмакъыр зэхах къудейтэкъым, атІэ жыг зэхуакуэхэм яІэ нэхугъэм деж щыхуитІ я ныбжь къыдэщу къалъэгъуащ.

Зыр нэхъ гъаГэт, адрейр нэхъ гъахъыщт. Ныбжьхэр благъэ къыщыхъым, сэлэтитІыр гъуэгум къытехьащ, фочхэр шиящ яІыгъщу.

- Хэт къакІуэр? - джащ Пановыр.

- Дышэщэн мамырщ, - къэпсэльащ нэхъ лъахъшэр. Ар Батэт. - Фочі сІыгъкъым, сшІхуэ сІыгъкъым, - и фащэр къарегъэльагъу. - Джыназым икъуКІэ дыхуейщ.

ЕтІуанэр, нэхъ щхьэпэтъагэр, и ныбжьэгъуэм щыму къыбгурыгт. Ари Іэщэнщэт.

- Жасуэсэщ. Пользовникым хуейуэ аращ, - ягурнгъэІуащ Пановым и гъусэхэм.

- Джыназ Воронцов хуабжьу дыхуейщ, Іуэхушхуэ худи1эщ, - жиІэрт Батэ.

- Хъунщ, хъунщ, ухуэдгъэзэнщ, - жиІащ Пановым. - Еуэ, Бондаренкэ и гъусэу фшэ, - зыхуигъэзащ абы Авдеевым, - къэрэгъулым ети, къэвгъэзэж. Сакъ, фи япэ ивгъэувэхэ, мы щхьэфэкуэхэм Іэщэнщэми сытри ятъокІ.

- Мыр зэрызгъэщІынур сыт? - пыджэм ещхьу мыжурэ зыфІэтъ фочыр игъэбзащ. - Зэ сепыджмэ араш зэрыхъунур.

- Мыжурэ хэпІуа нэужь ар зэрыпщІыжынур сыт? Фы-накІуэ! - иришэжьащ тІасхъэщІэххэр Бондаренкэ.

Сэлэтхэрэ тІасхъэщІэххэмрэ я лъэ макъ зэхамыхьж щыхъэм, Пановымрэ Никитинымрэ здэщыса щІыпІэм ягъэзэжащ.

- ЁмыбэмкъресуэжІэр жэщкІэрэ, - гъуэмэтІымащ Никитиныр.

- Іуэху яІэщи, къреухэкІ. - ЩыІэбжь къэхъуати, Пановым шынелыр зэкІуэщІихщ, щитІагъэрэ, щыыбкІэ жьыгым егъэщІуэ етІысэхащ.

Сыльэтит! хуэдиз дэкІаУ Авдеевымрэ Бондаренкэрэ къагъэзэжащ.

- Нэбгъэса?

- Нэзгъэсащ. Полковойр гъуэгуІыжьатэкъым. Я унэ сшащ. Щхьэфэхъуэрэ щІалэ тельыджэхэщ, - пищэрт Авдеевым и псальэм. - Тхьэ соІуэ пэжу жьызоІэкІэ. Псэльэгъу сщІахэти...

- СлІо, ебгъэхьэуа? - къоупщІ Тихоновыр къэушауэ.

- Хьэуэ, сом пщыкІубл къэсхьэхуащ, клико бащыыбли дефащ.

- Марье Васильевнэ нэкІэ пшхащ,

- Марье Васильевни нэкІэ сшхащ, - жиІащ Полторацкэм. - Сыхьэтихым гъэзгу дытохьэ.

- Куэд мыщІэу зыдужьыш хуейщ.

- Вавилэ, - джащ Полторацкэр. - Пщэдджьжь сыхьэтихум сыкъэгъэуш.

- Дауэ укъыззэрызгъэушынур сынодмэрэ укъыззэуэ.

- Сыкъэгъэуш бжеСІакъэ? Зэхэпха?

- СынодаІуэ.

Вавилэ шырыкъуэмрэ щыгъынхэмрэ къищтэри щІэкІыжащ.

Полторацкэр пыгуфІыкІыурэ гъуэтъыжащ, тутын пигъанэрэ, шэху уэздыгъэр игъэункІыфІащ. КІыфІыгъэм пхыпльмэ, Марье Васильевнэ и нэгу нэщхъыфІагъэ къыззэрыщыр ельатэгу.

Воронцовхэ занщІэу гъуэтыжакъым. ХьэщІэхэр зэрызэбгрыкІыжу, Марье Васильевнэ и лІым и пащхьэ иувэри ткІийуэ еупщІащ:

- КъызжепІэн иджы къэхуар?

- Хьэуэ, си псэм хуэдэ...

- Сыт, си псэм хуэдэ, жьыхуэпІэр? Дауи, тІасхъэщІэхущ а къэкІуар?

- Дауэ мыхъуами бжеСІэну сыхуинткъым.

- Ухуейкъым къыжеПІэну, ара? ИтІэ со ныбжеСІэнщ.

- Уэрэ?

- Хьэжы-Мураткъэ узыхуэзар? - жиІащ джыназ гуащэм. Махуэ зыбжанэ ухуауэ Хьэжы-Мурат ззпсэльэныгъэхэр зэрыдрагъэкІуэкІым щыгъуазэти, и гуГъэт и лІым къыхуеГсыхар езы Хьэжы-Мурат дыдэу.

Воронцовым пцІы хуиупсыфынутэкъым фызми, абы и гуГъэхэр зэрымытэмэмыр жьмыІэн лъэкІакъым: къэкІуар Хьэжы-Мураткъым, атІэ пщдзэ сэлэтхэр мэзаУэ здэкІуэну щІыпІэм деж Хьэжы-Мурат абы къызэрыщыхуэзэнумкІэ хъыбар къэзыхьа жасуСэрщ.

БыдапІэм ущыпсэуныр зэшыгъуэт, абы къыхэкІыу Воронцовхэ - лІыри фызри - щыгуфІыкІащ тезыгъэзри гуэр къызэрыхъуэкІам. Хьыбгэр дзыщІэкІы-жьыхараУэ Іурихащ, Ар жейт зэрыкуэпаУэ, бысымэм къыхуигъэтІыльа пльыжьым Іэфракэ1экІэ тегъэщІауэ. Абы пэмыІэщІэу, блыным деж щыкъеІрт Елдари. Ар гуэущІу ныльт и Іэ зэбгрыдзауэ, и щхьэ упсагъащІэр щхьэнтэм къещэтэхати, хьэзыр фІыщІэхэр зытеда адыгэ цІэр къызэшэкІа и бгъэр Іэпкъльэпкъ псоми ельэгэкІырт. Сабийм еІм ещхь Іупэхэр псы еІуб фІэкІа умыщІэну пІэжьажьэрт. Хьэжы-Мурат ещхьу арри зэрыхупэуэ жейрт, и бгым кьаМэмрэ кІэрахъуэмрэ ириныкъуэ. Ар къызгъэсыныр ихатн, жьэгу мафІэр уажьыхьжьрт, хьэрэфинэми пэш кІыфІыр къызэригъэнэху щыІэтэкъым.

Жэщыбгым хьэщІэщыбжэр кІыргъащ. Хьэжы-Мурат кІэрахъуэм епхуэрэ Іуэхуитхъуэ. Ар къызэрыгъуэщ жейрт, и бгым кьаМэмрэ кІэрахъуэмрэ ириныкъуэ. Ар къызгъэсыныр ихатн, жьэгу мафІэр уажьыхьжьрт, хьэрэфинэми пэш кІыфІыр къызэригъэнэху щыІэтэкъым.

- Сыт къэхъуар? - Хьэжы-Мурат жеяуэ умыщІэну апхуэдэт.

- Унащхъм тета фыз гуэрым уэ укъызэрыкІуар къыпльагъури и лІым жриІащ, иджы зэрыкъуажэу ящІэ уи егъэзыпІэр. Гъунэгъу фызыр къежэкІри, унэм щІэсым къыжриІащ лІыжьхэр мэждкъытым щызэхуэсауэ. Уаубыдыну я мурадщ.

- Зигчыжьын хуейщ, - жиІащ Хьэжы-Мурат.

- Шыхэм уанэ ятесльхащ, - жиІэри, Садо унэм щІэкІыжащ.

- Елдар, - Іущэщащ Хьэжы-Мурат. Елдар муршидым и макъ зэрызэхихыу и лъакъуэ ІэщэмкІэ псынщІэу къызэфІэуващ. Хьэжы-Мурат Іэщэр зыщІэхьапльхьэри щІакІэр зытриубгъэжат. Ардыдэр ищІащ Елдари. ТІури щыму къыщІэкІри, щІэщІ гъаблъжьэм щІэуващ. ЩІалэ я фыщІэм щыхэр къабгъэдишащ. Мывэ гъуэгум кьытехьа шыхэм я лъэ макъ зэрыІу, гъунэгъу унэм зыгуэр къыщІэпльащ, ацыхьэтуи, пхъэ вакъэхэмкІэ теуэу, джабэм кІэрыт мэждкъытымкІэ щІэпхъуащ.

Мазэр еІэжами, уэгу фІыщІэм изу вагъуэр щипхъат, кІыфІым упхьапльмэ, уэгу нэхум къыхэщу унащхьэкэр уопльагъу, псом хуэмыдэу нэхъ ІупщІщ мэждкъытым и азэн джапІэ папщІэр. Мэждкъыт лъэныкъуэмкІэ псальэмакъ дэгу къоІуКІ.

Хьэжы-Мурат фочыр зыІэщІэубыдэщ, лъэрыгъ Іуэм и лъапэр ириупри, Іуэупльагъуэ уанэгум зридзащ, апхуэдэу Іуэупльаунэщуи уанэ щхьэнтэ лъагэм итІысхащ.

- КъыхсуэпщІар тхьэм фІыкІэ къыпхунщІэж, - зыхунІэзэщ абы бысымэм, зэресауэ, лъэкъуэ ижьымкІэ етІуану лъэрыгъыр кьиЛъыхъуэрэ, итІанэ щІопщІымкІэ щабэу щІалэ цыкІум и дамэм теІэбащ, гъуэгум тригъэкІуэту. ЩІалэ цыкІур лъэныкъуэкІэ щеувэкІым, ищІэнур ящІэ ящІэ щыр, лъэбакъуэ щэщІакІэ суэхыпІэм къыдэкІри, гъэзгу нэхъыщхьэм техащ, Елдари иужь итт. Садо и Іэхэр ину щІидзу абыхэм якІэтъыжэрт, уэрам зэвым зэпрыкъкъэзэпрыжьыжу. Гъэзгу зэпрыкІыпІэм нэсауэ, зэ зы пльэкІыпІэ, итІанэ етІуанэр къальэгъэщ.

- ЗэтеувыІэт! Уэзт уэ? - къэІуащ макъ иКІи щыхуитІ-щыи гъуэгум къытеуващ.

КъэувыІэным и пІэкІэ Хьэжы-Мурат кІэрахъуэр кьрипхъуэтщ, елъэдгъкъуэрэ, ящыр гъуэгум къытеувахэм я дежкІэ нуиэтІащ, Гъэзгум тетхэр щызэкІэщІэкІым, Хьэжы-Мурат ущ псынщІэкІэ япрыкІащ. Елдари абы зыкъыкІэригъэхуакъым. Я щыбгаГкІэ фоч уэ макъ къиЛуКІри, ипІ ящхьэпрытащ Хьэжы-Мурат Елдари кьальэмыбГсу. Хьэжы-Мурат нэхъ хуэм зищІыртэкъым. Апхуэдэу зыбгакъуэ щищ хуэдиз хьун якІуаУэ, бауэ кІэщ мащІэ къэхъуа щыр кьиГъэувыІэри дэІуащ. И гупэмкІэ кьурышпс уэрыр щыІэуЗ-ПЬуэрэр. И щыбгаГкІэ къуажэм адакъэхэр щыІуэрт. А Іуэупльэуэхэм къахэІуКІыт гъунэгъу къыхуэхъу ящІ лъэ макъыр, и щыбгаГкІи псальэмакъ щыІэт. Хьэжы-Мурат и щыр хуэму ириупжьащ.

Нужь итхэр куэд мыщІэу Хьэжы-Мурат кьыльэщыхьахэщ. Ахэр щууей тІощІ хуэдиз хьунт. Аэр Хьэжы-Мурат яубыдыну, нэгъэущІ мыхъуми яубыдын хуэдэу защІу Шамил и пащхьэ зыщагъэзэхуэн папщІэ къежьахэт. Пльэмэ, зыгуэр кІыфІым пхльгъуКІыу щыхьум Хьэжы-Мурат и щыр къыжьдикъуэщ, Іэрыхуэ зэрыхуэхъуауэ, фочым дохьэтуэр трипхъэтри, Іэ ижьымкІэ нуБыдащ. Елдари ардыдэр ищІэжащ.

- Узыхуейр сыт? - гуоуащ Хьэжы-Мурат. - Сывыбдыныбу ара? Мэ-тІэ сывыбдщ! - ИкІи фочыр кІиЛэтащ. Кьуаажьдэсхэр зэтеувыІащ.

Хьэжы-Мурат фочыр зэриІыгъыу кІуэм дыхьэну ежащ, щууеИхэри кІэлъыкІуэрт гъунэгъу зыхуамыщІу. Хьэжы-Мурат къуэр зэпнупщІу адрей джабэ нэкІум кІэрыхьа нэужь, кІэтъыкІуэхэр кІэтъыджащ къэвыІэу жраІэну зыхуейм едэІуэкІащ. Абы и жьауану Хьэжы-Мурат фочыр дригъэуэйри и шым елъэджкъэуащ. Зыкъомрэ жауэ къыщыувыІам пхъэрым и Іэуэтъаэу щыІэжтэкъым, адакъэ Іуэ макъы зэхэпхыжьртэкъым, къэІур псы ежэхым и ушэмрэ кІуркІуауам и гъмэрт. Блын фІыщІэу къэува мэзыр гъунэгъупст. И муридхэр абы къыпэплъэурэ щІэзэша щыпІэр жьыжьэжтэжьым. Мэзым нэсри, Хьэжы-Мурат къэувыІащ, жьы фІыуэ зыжьэдишэри фиящ, зэпхьдэІыкІащ. Дакъыкъу дэкІри, ещхьыркъабзэу зыгуэр къыпэфиижащ. Гъуэгум дидзыхри, ар мэзым хьыхащ. Лъэбакъуищэ хуэдиз икІуаУэ, Хьэжы-Мурат жыг зэхуакуэм дэпльри, мафІэшхуэ нуру блэри, абы бгъэдэсхэм я ныбжьри, уанэкъуапэ къуаншэ щІа щыхэри къыпъэгъащ.

(КъыкЭлъыкІуэнуш).

ЗэзыдзэкІар
МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

- Джыназ Воронцов хуабжьу дыхуейщ, Іуэхушхуэ худи1эщ, - жиІэрт Батэ.

- Хъунщ, хъунщ, ухуэдгъэзэнщ, - жиІащ Пановым. - Еуэ, Бондаренкэ и гъусэу фшэ, - зыхуигъэзащ абы Авдеевым, - къэрэгъулым ети, къэвгъэзэж. Сакъ, фи япэ ивгъэувэхэ, мы щхьэфэкуэхэм Іэщэнщэми сытри ятъокІ.

- Мыр зэрызгъэщІынур сыт? - пыджэм ещхьу мыжурэ зыфІэтъ фочыр игъэбзащ. - Зэ сепыджмэ араш зэрыхъунур.

- Мыжурэ хэпІуа нэужь ар зэрыпщІыжынур сыт? Фы-накІуэ! - иришэжьащ тІасхъэщІэххэр Бондаренкэ.

Сэлэтхэрэ тІасхъэщІэххэмрэ я лъэ макъ зэхамыхьж щыхъэм, Пановымрэ Никитинымрэ здэщыса щІыпІэм ягъэзэжащ.

- ЁмыбэмкъресуэжІэр жэщкІэрэ, - гъуэмэтІымащ Никитиныр.

- Іуэху яІэщи, къреухэкІ. - ЩыІэбжь къэхъуати, Пановым шынелыр зэкІуэщІихщ, щитІагъэрэ, щыыбкІэ жьыгым егъэщІуэ етІысэхащ.

Сьлъэтит! хуэдиз дэкІаУэ Авдеевымрэ Бондаренкэрэ къагъэзэжащ.

- Нэбгъэса?

- Нэзгъэсащ. Полковойр гъуэгуІыжьатэкъым. Я унэ сшащ. Щхьэфэхъуэрэ щІалэ тельыджэхэщ, - пищэрт Авдеевым и псальэм. - Тхьэ соІуэ пэжу жьызоІэкІэ. Псэльэгъу сщІахэти...

- СлІо, ебгъэхьэуа? - къоупщІ Тихоновыр къэушауэ.

- Хьэуэ, сом пщыкІубл къэсхьэхуащ, клико бащыыбли дефащ.

- Марье Васильевнэ нэкІэ пшхащ,

- Марье Васильевни нэкІэ сшхащ, - жиІащ Полторацкэм. - Сыхьэтихым гъэзгу дытохьэ.

- Куэд мыщІэу зыдужьыш хуейщ.

- Вавилэ, - джащ Полторацкэр. - Пщэдджьжь сыхьэтихум сыкъэгъэуш.

- Сыкъэгъэуш бжеСІакъэ? Зэхэпха?

- СынодаІуэ.

Вавилэ шырыкъуэмрэ щыгъынхэмрэ къищтэри щІэкІыжащ.

Полторацкэр пыгуфІыкІыурэ гъуэтъыжащ, тутын пигъанэрэ, шэху уэздыгъэр игъэункІыфІащ. КІыфІыгъэм пхыпльмэ, Марье Васильевнэ и нэгу нэщхъыфІагъэ къызэрыщыр ельатэгу.

Воронцовхэ занщІэу гъуэтыжакъым. ХьэщІэхэр зэрызэбгрыкІыжу, Марье Васильевнэ и лІым и пащхьэ иувэри ткІийуэ еупщІащ:

- КъызжепІэн иджы къэхуар?

- Хьэуэ, си псэм хуэдэ...

- Сыт, си псэм хуэдэ, жьыхуэпІэр? Дауи, тІасхъэщІэхущ а къэкІуар?

- Дауэ мыхъуами бжеСІэну сыхуинткъым.

- Ухуейкъым къыжеПІэну, ара? ИтІэ со ныбжеСІэнщ.

- Уэрэ?

- Хьэжы-Мураткъэ узыхуэзар? - жиІащ джыназ гуащэм. Махуэ зыбжанэ ухуауэ Хьэжы-Мурат ззпсэльэныгъэхэр зэрыдрагъэкІуэкІым щыгъуазэти, и гуГъэт и лІым къыхуеГсыхар езы Хьэжы-Мурат дыдэу.

Воронцовым пцІы хуиупсыфынутэкъым фызми, абы и гуГъэхэр зэрымытэмэмыр жьмыІэн лъэкІакъым: къэкІуар Хьэжы-Мураткъым, атІэ пщдзэ сэлэтхэр мэзаУэ здэкІуэну щІыпІэм деж Хьэжы-Мурат абы къызэрыщыхуэзэнумкІэ хъыбар къэзыхьа жасуСэрщ.

БыдапІэм ущыпсэуныр зэшыгъуэт, абы къыхэкІыу Воронцовхэ - лІыри фызри - щыгуфІыкІащ тезыгъэзри гуэр къызэрыхъуэкІам. Хьыбгэр дзыщІэкІы-жьыхараУэ Іурихащ, Ар жейт зэрыкуэпаУэ, бысымэм къыхуигъэтІыльа пльыжьым Іэфракэ1экІэ тегъэщІауэ. Абы пэмыІэщІэу, блыным деж щыкъеІрт Елдари. Ар гуэущІу ныльт и Іэ зэбгрыдзауэ, и щхьэ упсагъащІэр щхьэнтэм къещэтэхати, хьэзыр фІыщІэхэр зытеда адыгэ цІэр къызэшэкІа и бгъэр Іэпкъльэпкъ псоми ельэгэкІырт. Сабийм еІм ещхь Іупэхэр псы еІуб фІэкІа умыщІэну пІэжьажьэрт. Хьэжы-Мурат ещхьу арри зэрыхупэуэ жейрт, и бгым кьаМэмрэ кІэрахъуэмрэ ириныкъуэ. Ар къызгъэсыныр ихатн, жьэгу мафІэр уажьыхьжьрт, хьэрэфинэми пэш кІыфІыр къызэригъэнэху щыІэтэкъым.

Жэщыбгым хьэщІэщыбжэр кІыргъащ. Хьэжы-Мурат кІэрахъуэм епхуэрэ Іуэхуитхъуэ. Ар къызгъэсыныр ихатн, жьэгу мафІэр уажьыхьжьрт, хьэрэфинэми пэш кІыфІыр къызэригъэнэху щыІэтэкъым.

- Унащхъм тета фыз гуэрым уэ укъызэрыкІуар къыпльагъури и лІым жриІащ, иджы зэрыкуажэу ящІэ уи егъэзыпІэр. Гъунэгъу фызыр къежэкІри, унэм щІэсым къыжриІащ лІыжьхэр мэждкъытым щызэхуэсауэ. Уаубыдыну я мурадщ.

- Зигчыжьын хуейщ, - жиІащ Хьэжы-Мурат.

- Шыхэм уанэ ятесльхащ, - жиІэри, Садо унэм щІэкІыжащ.

- Елдар, - Іущэщащ Хьэжы-Мурат. Елдар муршидым и макъ зэрызэхихыу и лъакъуэ ІущэмкІэ псынщІэу къызэфІэуващ. Хьэжы-Мурат Іэщэр зыщІэхьапльхьэри щІакІэр зытриубгъэжат. Ардыдэр ищІащ Елдари. ТІури щыму къыщІэкІри, щІэщІ гъаблъжьэм щІэуващ. ЩІалэ я фыщІэм щыхэр къабгъэдишащ. Мывэ гъуэгум кьытехьа шыхэм я лъэ макъ зэрыІу, гъунэгъу унэм зыгуэр къыщІэпльащ, ацыхьэтуи, пхъэ вакъэхэмкІэ теуэу, джабэм кІэрыт мэждкъытымкІэ щІэпхъуащ.

Мазэр еІэжами, уэгу фІыщІэм изу вагъуэр щипхъат, кІыфІым упхьапльмэ, уэгу нэхум къыхэщу унащхьэкэр уопльагъу, псом хуэмыдэу нэхъ ІупщІщ мэждкъытым и азэн джапІэ папщІэр. Мэждкъыт лъэныкъуэмкІэ псальэмакъ дэгу къоІуКІ.

Хьэжы-Мурат фочыр зыІэщІэубыдэщ, лъэрыгъ Іуэм и лъапэр ириупри, Іуэупльагъуэ уанэгум зридзащ, апхуэдэу Іуэупльаунэщуи уанэ щхьэнтэ лъагэм итІысхащ.

- КъыхсуэпщІар тхьэм фІыкІэ къыпхунщІэж, - зыхунІэзэщ абы бысымэм, зэресауэ, лъэкъуэ ижьымкІэ етІуану лъэрыгъыр кьиЛъыхъуэрэ, итІанэ щІопщІымкІэ щабэу щІалэ цыкІум и дамэм теІэбащ, гъуэгум тригъэкІуэту. ЩІалэ цыкІур лъэныкъуэкІэ щеувэкІым, ищІэнур ящІэ ящІэ щыр, лъэбакъуэ щэщІакІэ суэхыпІэм къыдэкІри, гъэзгу нэхъыщхьэм техащ, Елдари иужь итт. Садо и Іэхэр ину щІидзу абыхэм якІэтъыжэрт, уэрам зэвым зэпрыкъкъэзэпрыжьыжу. Гъэзгу зэпрыкІыпІэм нэсауэ, зэ зы пльэкІыпІэ, итІанэ етІуанэр къальэгъэщ.

- ЗэтеувыІэт! Уэзт уэ? - къэІуащ макъ иКІи щыхуитІ-щыи гъуэгум къытеуващ.

КъэувыІэным и пІэкІэ Хьэжы-Мурат кІэрахъуэр кьрипхъуэтщ, елъэдгъкъуэрэ, ящыр гъуэгум къытеувахэм я дежкІэ нуиэтІащ, Гъэзгум тетхэр щызэкІэщІэкІым, Хьэжы-Мурат ущ псынщІэкІэ япрыкІащ. Елдари абы зыкъыкІэригъэхуакъым. Я щыбгаГкІэ фоч уэ макъ къиЛуКІри, ипІ ящхьэпрытащ Хьэжы-Мурат Елдари кьальэмыбГсу. Хьэжы-Мурат нэхъ хуэм зищІыртэкъым. Апхуэдэу зыбгакъуэ щищ хуэдиз хьун якІуаУэ, бауэ кІэщ мащІэ къэхъуа щыр кьиГъэувыІэри дэІуащ. И гупэмкІэ кьурышпс уэрыр щыІэуЗ-ПЬуэрэр. И щыбгаГкІэ къуажэм адакъэхэр щыІуэрт. А Іуэупльэуэхэм къахэІуКІыт гъунэгъу къыхуэхъу ящІ лъэ макъыр, и щыбгаГкІи псальэмакъ щыІэт. Хьэжы-Мурат и щыр хуэму ириупжьащ.

Нужь итхэр куэд мыщІэу Хьэжы-Мурат кьыльэщыхьахэщ. Ахэр щууей тІощІ хуэдиз хьунт. Аэр Хьэжы-Мурат яубыдыну, нэгъэущІ мыхъуми яубыдын хуэдэу защІу Шамил и пащхьэ зыщагъэзэхуэн папщІэ къежьахэт. Пльэмэ, зыгуэр кІыфІым пхльгъуКІыу щыхьум Хьэжы-Мурат и щыр къыжьдикъуэщ, Іэрыхуэ зэрыхуэхъуауэ, фочым дохьэтуэр трипхъэтри, Іэ ижьымкІэ нуБыдащ. Елдари ардыдэр ищІэжащ.

- Узыхуейр сыт? - гуоуащ Хьэжы-Мурат. - Сывыбдыныбу ара? Мэ-тІэ сывыбдщ! - ИкІи фочыр кІиЛэтащ. Кьуаажьдэсхэр зэтеувыІащ.

Хьэжы-Мурат фочыр зэриІыгъыу кІуэм дыхьэну ежащ, щууеИхэри кІэлъыкІуэрт гъунэгъу зыхуамыщІу. Хьэжы-Мурат къуэр зэпнупщІу адрей джабэ нэкІум кІэрыхьа нэужь, кІэтъыкІуэхэр кІэтъыджащ къэвыІэу жраІэну зыхуейм едэІуэкІащ. Абы и жьауану Хьэжы-Мурат фочыр дригъэуэйри и шым елъэджкъэуащ. Зыкъомрэ жауэ къыщыувыІам пхъэрым и Іэуэтъаэу щыІэжтэкъым, адакъэ Іуэ макъы зэхэпхыжьртэкъым, къэІур псы ежэхым и ушэмрэ кІуркІуауам и гъмэрт. Блын фІыщІэу къэува мэзыр гъунэгъупст. И муридхэр абы къыпэплъэурэ щІэзэша щыпІэр жьыжьэжтэжьым. Мэзым нэсри, Хьэжы-Мурат къэувыІащ, жьы фІыуэ зыжьэдишэри фиящ, зэпхьдэІыкІащ. Дакъыкъу дэкІри, ещхьыркъабзэу зыгуэр къыпэфиижащ. Гъуэгум дидзыхри, ар мэзым хьыхащ. Лъэбакъуищэ хуэдиз икІуаУэ, Хьэжы-Мурат жыг зэхуакуэм дэпльри, мафІэшхуэ нуру блэри, абы бгъэдэсхэм я ныбжьри, уанэкъуапэ къуаншэ щІа щыхэри къыпъэгъащ.

(КъыкЭлъыкІуэнуш).

ЗэзыдзэкІар
МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

Хьэжы-Мурат Махет жылэм хуэмІуэу.

● Премьерэ

Насыпыр хьэжьщ

Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ лажьыгъэ гъэщIэгъуэн утыку къыщрахьащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым. Американ продюсер, режиссёр, комедиограф Кен Людвиг и «Звездный час» пьесэр зи лъабжьэ «Насыпыр хьэжьщ» спектаклыр зыгъэувар КъБР-м гъуаздджэхэмкIэ щыIэх зиIэ и лажьакIуэ Дзбагъуэ Романщ.

КЪЭБГЪЭЛАГЪУЭМЭ, цIыхухэм я зэхущытыкIэр дихьхэшхэну, тIэкIуи узыгъэнэщхьейуэ къыщыгъэлъэгъуэ тхыгъэщ лэжьыгъэр къызытращIыкIар. Махуэ къэс дызыхуэзэхэм я хъуэпсапIэхэр, зыр зым зэрыхуящыт щIыкIэр, гум щагъафIэ щхухуэр сэтей къыщыхъу спектаклыр щIэщыгъуэщ, нобэрей гъащIэм хэмызагъэу е къемыззэгъыу пхужыIэнукъым. Сыт «звездный час» жиIэмэ къикIыр? Ар насыпым и гупэр къыщыпхуигъаззэрщ, дыгъэпс нэхуу и гуфIэкIэ дахэр къыбжьэхлыдэу. ЗэрымыщIэу, упэмыплъауэ хэIэтыкIэ ущыхъур «уи вагъуэр къыщыкъуэкIрамэ», умыщIэххэу «къодзакъэ» насыпри хьэжькъэ?..

Верди Джузеппе и «Отелло» оперэр зыгъэувэхэм тенор макъ зиIэ Морелли (ролыр зыгъэзащIэр КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Быдэ Хьэсэнщ) кърагъэблагъэ. ЦIыху цIэрыIуэм и гупыж псори хуагъэзэщIэн хуейуэ, и хьэлым зытрагъахуэм къыщымынэу, зыгуэрхэри кърагъэщIэну пылъу и Iуфэлъафэр спектаклым щыджагухэм къажьхь. Тито и гъусэщ дзыхь лъэпкъ и лIым хэущыщI и щхьэгъусэ Мирие (спектаклхэм гъэзырыгъэу щоджагу Тхьэщыгъуей Жаннэрэ Пащтыкъ Анфисэрэ). Оперэм хэтыну сеньор Морелли къезыгъэблагъа Сондерс (Мысост Вадим), Морелли зиукIыжауэ щыхуагъэфащэкIэ, абы и пIэкIэ оперэм хыхьэн хуей хьу Макс (Тэмазэ Лиуан), артистышхэм гу кIыпIытэным щIэхъуэпс, мыхъужьхэмэ и Iэ щIэдзауэ тхыпIымпIэ кIапэ къыIэрыхьэмэ насыпу кIыпIытэну хьэзыр посыльнэр (Къырдэн Заур), абы и зэчийм дихьэх Джулие (Щэрмэт Людмилэ е Къэзанш Джульеттэ), тенорыр къигъэсбэпу кIалэшхуэм къыщыхутэну хуей Дианэ (КIэхумахуэ ФатIимэ) сымэ дзэтхэнэри гъэщIэгъуэныщIэу мэджжэгу.

Спектаклым зэрыщIидзэу уи нэм кьысфIонэ Тэмазэ Лиуан и джагуклэр. Нэгъуджэшхуэ хъужауэ зызэпIытI-зызыхуэ щIалэмрэ Хьэхъупащ Фатlимэ утыкум зи образ кьюрихьа бзылъхугъэ ныбжьыщIэмрэ яку дэлъ зэхущытыкIэ гъэрым гу лъыботэрэ, адэкIэ къэхъунум упагъэлпъэ. КъызэрыщIэкIымкIэ, гъэщIэм и хабзэхэм «зэрыхэтхамкIэ», цIыхум зэрызыкъыщыхъуэжьым куэд иIыгъщ. ЗызыпIытIу зи гъащIэр зыхь Макс тенор лъэщу къыщIокI, и къарур и фIэщ мэхъужри, уеуэкIи пхуимыудыжьину зигурэ зи щхьэрэ зэтелъ щIалэу ди пащхьэм къоувэ. Уеблэмэ Сондерс унафэкэр хуищIыну яужь йохьэ, и Iэху фIэкIа зэримыхуэнуи трегъэчыныхь.

Театрым и лэжьыгъэхэм нэхъуеинщэу екъэхэм фIыуэ яцIыху ди артистхэр, абыхэм нэхъ лейуэ хагъэфIыкIхэри яIэжщ. Атlэми, псоми зэхуэдэу фIыуэ яльагъу артистхэщ жыпIэкIэ ущыуэнукъым сыт хуэдэ лэжьыгъэми псэщIэ кIыуIигъакIэу, нэщIэпкIэу, удихьэхыу щыджэгу КIэхумахуэ ФатIимэ. Абы и щыхьэтт утыкум къызэрихьэу залым щIэсхэм абы Iэгу хуеуэн зэрыщIадзар. Апхуэдэу IущIащ итпжьыпIэкIэ цIыхубзм я артисткъ Щэрмэт Людмилэ.

Роль цIыкIу зэрыщымыIэр, сыт хуэдэри гукъинэж зэрыпхуэщIынур хьэкъ пщеущ Къырдэн Заур и джэгуклэм. Зыбжанэрэ сценэм кьихьэу аращ ар, ауэ етIуанэ къихьагъуэм щыщIдзауэ жиIэнIаи хуэмеёуэ дыхьэшхын ибогъжьэ, апхуэдизкIэ игъэзащIэ ролым иропсэу, ар уи фIэщ ещIри. И шейныгъ IыгъкIэ къудейр, и макъ жьгъырур, тIэкIуи дригъэзеиIуэу пIэрэ жьпIэу, пагагъ хэлъу иIыгъ и пэр - жьпIэнуракъэ, зэрыщIыгу гъуэдджэм и Iэмалщ. А псор кьызэщIэпкъуэжрэ зыуэ псоми уахэплъэмэ - зым и джэгуклэм адрей щIэжьыуэу гъэпса, дагъуэ хуэпщIынIауэ щумыгъуэт лэжьыгъэ купщIафIэ хьауэу къызэлъытэ Дзбагъуэ Роман дьзыхигъэпIар.

Нэм, псэм хуэтъ защIэщ ди лъэпкъ театрым и лэжьакIуэхэр. Пыплъхьэни пыпхыни щымыIэу артист гъуэзэджэхэщ, къалэн щащI псоми пэлъащIыну зэфIэкI зэрэIэми шэч кьыптетхэрэкъым, театрым «и бэуэкIэм» щыгъуэзэхэми куэдрэ абы и гугъу ящI. Драматургие диэ-къым жьхуаIэри Iуэхум лъахъэ зэрыхуэмыхъуфым и щыхьэт лэжьыгъэхэм ящыщщ американ драматургым и Iэдакъэщ!экIым къытращыкIа мы спектаклыр. Пэжщ, нэхъыбэр зэрыхуейуэ ди лъэпкъым и щыIэкIэпсэуэкIэр къэмгъэлъагъуэркъым, арами цIыхум зезыгъэзэпсэхущ, гушыIэ щабэ щIэлъщ, емыкIу, напэнщагъэ щIэблэм езыгъэлъагъууи щыткъым.

Ди республикэр, зэрытщIэщи, инкъым, театрыншэу мыпсэуфынуэри егъэлеяуэ куэдкъым. Спектакль зытIущ укIуамэ, щIэсым я нэхьыбэр уэзрыщIыхунущ, цIэ-унэщIкIэ къыпхуэмыщIэжми, нэIуасэ уэзхуэхъунущ. Аращи, дэри ди мыхамэхэм, дызэпсэлъыпIэ-дызэуэршэрыпIэхэм, лэжьыгъэкIэ, ныбжьэгъуГъэкIэ тIущIэныгъэ зыхудиIэхэм дащрохьэлIэ фIыуэ тIьаегъу ди лъэпкъ театр закъуэм. Зи Iуэху епIыкIэр сфIэгъэщIэгъуэну сызэупщIахэм ящыщщ искусствовед Мэремкъуэ Людмилэ.

- Iупхьуэр зэрызэIуКIыхэху, сфIэгъэщIэгъуэну къэслъыхьащ утыкум и кьызэгъэпэщыкIэр, икIи хэту пIэрэ сурэтыщIыр жысIэу сегупсысащ, - жеIэ Людэ. - КъызэрыщIэкIамкIэ, зи лэжьыгъэм дыщыгъуазэ Жьлэ Кьантемырщ художник-постановщикыр, си гуапэ дыди хуэзащ зэфIэкI хъарзынэ аргуэру кьызэригъэлъэгъуар. Хужьрэ фIыщIэрэ фIэкIа утыкум кьызэрыщимыгъэсэбэпар, уеблэмэ екIёрэхэм я щыгъынхэри зэрыапхуэдэр гъэщIэгъуэнщ. Ауэ, пэжыр жысIэнщи, сэ спектаклым кьызэжиIакъым а пIъыфитIым щIэгъэпщIуэ щэхур: а щIагъыбзэр тхуэзэпкърамыхарэ е дэ кьыдгурымIуарэ - сщIэрэкъым. Арщхьэкlэ цIуугъэнэ гуэри кьызэрыщымыгъэсэбэпам емыIытауи, теплъэр хьэлъэкъым, уеблэмэ плъыфэбэу кьыпщэкъу. Бжиплl, шкафым ейр етхуанэу, кьыщыIуахъщыхуащIыж утыку мыиныр абыхэм Iэзэвлъэзэ ящIыркъым, хуитышхуэу уIуоплъэ. Мис ахэр псори Къантемыр и екъуIэныгъэщ, си гуапэщ дяпэкIи апхуэдэ нэгъэгуфIэ лэжьыгъэщ и Iэпэ кьыпыкIыну.

Мыдрейуэ, кьыхэзгъэщыну си гуапэщ Дзбагъуэ Роман адыгэ театрым къызэригъэзэжам егъэлеяуэ сызэрыщыгуфIыкIар. Гушыlэ дахэр фIыщ, зэгъэпэщауи къохъулIэ, ауэ Роман и щIэныгъэрэ и зэфIэкIкIэ нэхъ лэжьыгъэ кууэм зрипщытыну сыхуейт сэ. Театрым и репертуарыгъэ драмэ, трагедие гуэркIэ игъэбеину си хъуэпсапIэщ.

Сызыхуэзахэм, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, «Роман и хъэтIщ» жызыIаи яхэтщ. Ауэ а псалъэхэм кьикIыу си гугъэкъым ар къемыхьлIауэ, хьэмэрэ актёрхэм я джэгуклэр а псалъэхэм ягъэикIэу. Дэтхэнэми и зэфIэкIыр, нэхъ зыхуэIэзэр фIыуэ зэрищIэм кьызэкIыу, езым екIу ролыр ирет. Мы премьерэм ехьэлIауэ иджыри зы кьыхэзгъэщынт. «Насыпыр хьэжьщ» спектаклым куэдкIэ уигу кьегъэкIыж Рей Куни и «Случай в гостинице» спектаклыр. Абы си заукъуэкъым гу лъызытар, спектаклхэми езы тIэкIэхэми зэщхь куэд яхэлъщ, укъигъэуIэбжьу.

- Спектаклыр сигу ирихьащ, нобэрей гъащIэм хозагъэ, кьыщыIэта Iуэхуэкlи тхыгъэм и бзэмкIи арэзы укъещI. Актёрхэм я джэгуклэм ущытепсэлъыхьыхэни щыIэкъым, дэтхэнэми пщэрылъ щащIа ролыр фIы дыдэу кьехъулIащ, сыт хуэдэ утыку ипхьэкIи утемыкIытыхьыну, - жеIэ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ КIуэкIуэ Хъэмишэт.

Театрым и Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, утыкум щыщIэдзауэ блиным фIэлъ сурэтым дежь нэсыжу ягъэзащIэ къалэным щыгъуазэ искусствоведми, иIурылъ бзэм и къабзагъэмрэ актёрхэм я зыIыгъыкIэмрэ набдзэгубдзапIъэу кIэлъыплъ егъэджакIуэм хуэдэкъым кьызэрыгуякI унэгуащэм и еплъыкIэр. Абы игу ирихьиримыхьыр зытрищIыхьыр илъагъум нэсщ, щIэгъэнщIкIуаи гъуазджэ Iэмали кьилъыхъуэркъым. «Зызгъэпсэхуну сыхуейуэ сыкъэкIуати, кьызэхъулIащ, хуабжьу сигу ирихьащ. Махуэ къэс дызыхэт Iуэхуэр, гугъуехьхэр, гуныкъуэгъуэхэр зыщыбгъэгъупщэнымкIэ IэмалыфIщ. Сэ куэдрэ сыкъокIуэ мы театрми, «купщIэ зыщIэлъ» спектаклэ щIэхъуэпсхэр зэрымымащIэм сыщыгъуазэщ. Си дежкIэ нэхъыфIыр мыпхуэдэ лэжьыгъэ псынщIагъуэхэрщи, сфIэфIу гушыIэхэм закъраплэгъэхьэлIэ», - кьыджиIащ Жэмыхъуэ Роза.

Зыми жиIэр пцIыуэ кьыпхуэлъытэнукъым, цIыху дапщэ хъуми апхуэдизу Iуэху епIыкIи щыIэщ. Республикэм щыпсэу цIыхухэм щхьэж и псэм фIэфIым хуэдэ кьыщигъуэтыфым Iэхуущ!анIэу Къэбэрдей театрыр лъэпкъым дагъуэгурыкIуэну Тхьэм жиIэ!

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зи щIыхьыр лъагэ Бырсыр Батырбий

● Хъуэхъу

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Адыгэ Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Адыгэ къэрал институтым и лабораторие щIэныгъэ Бырсыр Батырбий и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 75-рэ ирикъуащ.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик, абы и япэ вице-президент Бырсыр Батырбий ящыщщ лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIэ Iэщ!агъэлIхэм. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэм и гуащIэшхуэ хилъхьащ адыгей тхыбзэм и хабзэхэр зубзыхуным. А унэтIыныгъэм ехьэлIауэ абы и къалэмыпэм кьыпыкIащ щIэныгъэ гъэкьыгъэ, курыт еджапIэхэм папщIэ тхылъ куэд. Бырсырым и фыгъэ ин хэтыщ Адыгэ Республикэм щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ щагъуэта зыужьыныгъэшхуэми. Лlэщ!ыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм и пэм кьыщыщIэдзауэ илъэс куэдкIэ ар лэжьащ АР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министру. А лъэхъэнэм щIынагъэм кьыщыхъуахауэ щытащ еджапIэ Iэнатlэщ!эхэр, щыIэхэми я мыпхьу-техникэ гъабжьэхэр гъэбыдэныжьмкIэ Iуэхугъуэшхуэхэр щызэфIахащ. Апхуэдэу Батырбий лэжьащ Адыгэ къэрал университетым адыгэ филологиемрэ щэнхабзэмкIэ и кьудамэм и унафэщIу.

ЗэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ щIэныгъэлI цIэрыIуэм, хэкупсэ нэсым дохъуэхъу узынщагъэ быдэ иIэу, ехьулIэныгъэщIэхэр зыIэригъэхьэу, насыпыфIэу адыгэ лъэпкъым, къэралым иджыри куэдрэ яхуэлэжьэну.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академие, Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.

Адыгэ усыгъэ

ХьэIупэ Джэбрэ!ил сыт и лъэныкъуэкIи сцIыхуу си гугъэт. Ауэ езым ижыщIэу къысIэрыхьа и Iэрыпхъэм седжа нэжь къызэрыIуащ усыгъэм и кIарур зэрыиныр... Мы къыхэсха усэ гупыр Джэбрэ!ил и Iэдакъэщ!экIхэм я зы пакIэ къудейщ. Ауэ а мащIэмкIи къыбгуроIуэ абы и усэхэр лъэпкъ гупсысэ зыщIэлъ, лъэпкъ усыгъэ фащэм ит къэхъугъэ щIельджэу зэрыщытыр. ЩIэн къытестхэркъым: адыгэ усыгъэм къызэрымыкIуэну зезыгъэжьэщ Джэбрэ!ил и къалэмыпэм къыщIэкIыр. Абы епхауэ литературэджхэм я гугъу пщIымэ, тхыдэ-щэнхабзэ IуэхуэгъуэщIэ къэхъуэм ахэр езыгъэгупсысыж щхьэусыгъуэ ХьэIупэм и усэм хэлъщ.

ТХЪЭГЪЭЗИТ Юрэ,
филологие щIэныгъэхэм я доктор.

ХЬЭIУПЭ Джэбрэ!ил

* * *

Мы гъащIэм сэрэ зэпытхыну
Дэтхэнэ гуауэм сыхэдэн?
УэрэдкIэ згъафIэу сыщIэтхэну
Си хэкур хъуакIэщ хэутэн...

Удыныр, жаIэ, зэгуэр гъущу.
Гукъеуэ-щIопщым сыт пхуещIэн?
Стха псори стха зэгуэр сыгъащэу?
Згъуэтыжькъым лъэпкъ сызэупщIын!

* * *

Къуалэм зыщ саазэрехъуапсэр:
Я псэр дамэкIэ яIэт!
Сэри уафэм сыхуэуэсу,
Си щхьэ згъафIэу щIым сытетщ.

Тетщ дунейм тельыджэ Iэджэ:
Зыр мэльатэ, зым хъешщыхь.
СытеIэбгу щIыхьым IэкIэ,
Сыдэплъейуэ гъащIэр сохь.

Сыкъопльыхри - щIым щекIуэкIым
Си щхьэфэщыр егъэтэдж...
Зэми нэпсыр есльэщIэкIы,
Зы щIыхь кьабзэ сыщоудж.

* * *

Дыкьэгъафэ уэркъыжь къафэ,
Сыкъэпфхьуэрэ текIыж!
Къысхуэгъанэ фэеплъ-гуфIэ,
Пщэдей ари - гукъэкIыжщ.

ГукъэкIыжхэр си лъэпагъыу,
ГъащIэм мащIэт дэспэчар?!
Сыт ныщхьэби пшыпэр щIэгъыр,
Уэркъыжь кьафэр зэпыча?

Зэпытча лъэбакъуэ мащIэ -
Гугъэ нэщIу къыщIэкIар,
Зэпысщэжу есхьэкI гъащIэм
Дэплъэч тхыпхъэу ешэкIащ.

Ди зэхуэзэм сыт и махуэт...
Нэхущ удж зылъымыса
Хъуапсэ щIыфэм щIэтхъукI псантхуэ,
Уэркъыжь кьафэ емысам,
БамПIэдэхьу нэпс кьыщIихум -
ПхелыгъукIыр зэIусар.

* * *

Си лъэс лъагъуэм сытезышыфа
Кьафэр нэхущ уджу кьыщIэкIат!
ПкIатэ-лъатэу пащхьэм кьнуба
Бланэ кьабзэр убзэм щигъэкIат?..

Хабзэм е укIытэм себэкъуам,
Нобэ згъэвыр Iэтыгъуафlэ хъунт.
Уэршэрагъу пшынальэм итхьэкъуа
Гум илъагъум, лъыр дэмыутхъуэнт...

Си лъэс лъагъуэр бгъукIэ йоуджэкI,
Кьафэ кIэ зимыIэу кьысфIэщIар
ПщIыхь нэрыпэу нэгум иджы щIокI,
ЮитIэпIыкIыу псэкIэ зэIусщар.

* * *

Мазэгъуэ жащу,
И хъуреягъыр даущу,
СыпоIущащэу зы жэщ закъуэ
Сыббгъэдэсащэрэт.

Уэрэд пхуэзусым
Псалъэ хэмытми,
Дахагъэу хэльым
Уи псэм зыдилъэу,
Iэльын пIэрыгъым
Гугъэ ешэжкIыу,
Зы дуней кIапэ зэ кьыслъысащэрэт.

Е дыIущащэу,
Акъужьыр гущэу,
Зы нэхущ мыхъуми
Дыхэмыгъуащэм -
ФIэсщын симыIэ
Кьысхуэна гъащIэм.

* * *

Уэрауэ пIэрэ ноби кьызэузыр?..
Армырмэ сыт, заулкIэ сыхэпльызэм, -
Уи теплъэр Iуэху пащхьэм кьыщIнувэр?
Е тIэкIу гуваэ зиIэта си уафэм?

СхущIэуфакъым си фэм дэкIа куэди...
Дунейр - дунейщ! Цыху Iэджи
зэпэкIуэтыр.
Иджы сэр-сэру зэшым сыдокIуатэ,
ЖызмыIэфар уэрэдкIэ кьызоIуатэ.

* * *

СхужымыIэу, схуэмыIуатэу,
Кьыспокlуатэ теплъэ гуэр...
Пщэдджыжь пшагъуэу зэм зеIэтыр,
Зэм хуарапщIэу кьыспокIуэр.

Е вынджпэ кьысхуашийуэ
Пшанэ гъуэгу сытыраша?
Пшынэ макъкIэ сагъэзакIуэ,
Е си вагъуэра ижар?..

Сопльэ уафэм нэр емышу,
Тыншми, гугъуми нэху согъэщ.
БлащIэм хуэдэу зишыхьыжу,
Щобзэх пащхьэм гъуэбжэгъуэщ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Гъэпцlагъэкlэ зыIэригъэхьащ

Урысей МВД-м и Прохладнэ къудамэм и лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр щIагъэкIуэкIым яубыдащ Ингуш Республикэм и Мэзгъэбэг районым щыпсэу, илъэс 26-рэ зи ныбжь цIыхухьыр. Абы 2014 гъэм и мазаем Прохладнэ къалэм щыщ цIыхубзым сом мини 100 и уасэ дыщэжкI гъэпцIагъэкIэ IэщIигъэкIащ.

Нубыдам зиумысыжащ. Дыщэжкlэхэр Мэздэгу дэт ломбардхэм ящыщ зым къыщагъуэтыжащ.

Нэхъапэми къыщIэхуат

Республикэм щылажьэ супермаркетхэм ящыщ зым и унафэщIым полицэм зыхуигъэзащ икIи Налшык къалэ Щоджэнцыкlым и проспектым тет тыкуэным сом 8000 и уасэ зэпшыпэ зэрыщадыгъуамкIэ хьыбар яригъэщIащ.

Къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым дыгъуасIэр яубыдащ. Ар нэхъапэми апхуэдэ Iуэхукlэ уголовнэ жэуапым ирашэлIауэ щыта, илъэс 27-рэ зи ныбжь налшыкдзэ цIыхубзыр.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iэнатlэ.

Хъыбар гуэр фщIэмэ!

Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм къелъыхъуэ хъыбарыншэу кIуэда Кайтаев Алим Исмэхьил и къуэр. Ар 1982 гъэм накъыгъэм и 27-м къалъхьащ. Налшык къалэ, Нэхущым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет 95-нэ унэм хэт 47-нэ фэтэрым щопсэу. 2012 гъэм щIышлэм и 22-м унэм щIэкIри къигъэзэжакъым икIи нобэр къыздэсым и хэщIапIэр ящIэркъым.

Республикэм щыпсэуэху пщIэ зыхуэтщIхэ! Кайтаев Алим Исмэхьил и къуэр здэщIэр фщIэмэ, дынывольэIу полицэм и къудамэ нэхъ фпэгъунэгъуэм зыкъуэгъэзэну е мы телефонэмкIэ фыкъэпсэльэну: **42-20-28** (плъыр часть), **49-43-03, 02**.

КъБР-м и Хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм зыуэ щыт я хъыбарегъащIэ Iуэхущ!анIэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

Хьэфlыцlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщ!эныдэж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ!Иэ.**

Езыгъэтхаэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинм и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущ!анIэхэм ядлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщ!эхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ!анIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм ящыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зыгъахэм изу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьиныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаугъэгуэм и 14-м Щечатым и хуитныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ!анIэм №Н-0065-м щIэту яхэтщ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ,

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къашокъуэ Элэ, редактору Истэпан Залинэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ), корректорхэм я дзэпкъыгъэу* **Мырзэкъан Фатlимэ.** *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.687 ● Заказ №674